

# Medyasyon pou entèvansyon bonè



## *Enfòmasyon pou fanmi*



Medyasyon konfidansyèl, se yon pwosede san kontradiksyon pou ka rezoud yon dezakò. Nan entèvansyon bonè, medyasyon ka ede fanmi jèn timoun ki gen reta nan devlopman epi ki gen enfimite, pwogram entèvansyon bonè, ak ajan k ap rezoud dezakò sou sèvis entèvansyon bonè pou yon nourison oubyen yon tibebe.

Yon medyatè byen fòmè ap ede pati yo jwenn yon solisyon ki satisfè tout pati yo epi ki nan bon enterè pou fanmi a.

Medyasyon an volontè, li pa obligtwa pou toude pati yo epi li konfidansyèl.

## ***Kisa medyasyon pou entèvansyon bonè ye ?***

Medyasyon pou entèvansyon bonè se yon metòd pou rezoud dezakò ant yon fanmi ak anplwaye entèvansyon bonè yo sou sèvis entèvansyon bonè pou nourison ak tibebe ki gen enfimite. Medyasyon an se yon lòt chwa ki genyen pase pou gen yon pwosè nan tribinal, li mwen chè epi li mwen kontradiktwa.

### ***Medyasyon pou entèvansyon bonè ka :***

- Rezoud dezakò sou kesyon idantifikasyon, evalyasyon, ak sèvis entèvansyon bonè pou nourison ak tibebe.
- Eklèsi pwoblèm ki lakòz dezakò a.
- Pèmèt moun ki patisipe yo gen yon opòtinite, san enteripsyon, pou yo di pwennvi pèsònèl yo.
- Ankouraje efò komen pou rezoud pwoblèm.
- Ankouraje yon kolaborasyon ki pozitif ant fanmi yo ak pwogram entèvansyon bonè.
- Ede paran ak anplwaye entèvansyon bonè yo konsantre sou sa yo gen an komen – jèn timoun lan – pase pou yo konsantre sou diferans ki gen ant yo.

## ***Kijan medyasyon an mache ?***

Ka gen yon demann pou medyasyon lè paran ak pwogram Early Steps yo pa ka rezoud diferans, ki gen ant yo, nan pwosede plan sipò endividyèl pou fanmi (IFSP) a. Se pou toude pati yo dakò pou medyasyon an e se pou yo siyen yon dokiman pou ti fè demann lan pou li.

Medyasyon an ka swa anvan oswa menm lè ak demann pou pwosè a fèt. Medyasyon an pa p gen pyès entèferans ni nan dwa ki gen pou yon pwosè ni nan tan limit pou pwosè a.

Medyatè a ap chwazi apre demann pou medyasyon an fin fèt. Medyatè a ap pran kontak ak tou de pati yo epi l ap chwazi lè a ak adrès la pou medyasyon an. Se 21 jou apre ke medyatè a fin chwazi ke medyasyon sipoze fèt. Medyasyon an gen pou l dire ant twa a kat èdtan.

Moun k ap patisipe nan medyasyon an se fanmi a ak tout anplwaye ki ofri sèvis entèvansyon bonè yo. Tout pati ki gen enfòmasyon nesèsè ki ka ede rezoud dezakò a ka patisipe nan medyasyon an.

## ***Èske paran yo gen pou yo peye pou medyasyon an ?***

Medyasyon pou entèvansyon bonè gratis pou paran ki nan Florida. Children's Medical Services ap kouvri frè medyasyon an.

**Depi pati yo dakò pou medyasyon an gen yon demann alekri k ap voye bay :**

Florida Department of Health  
Children's Medical Services  
Early Steps State Office  
4052 Bald Cypress Way, Bin #A06  
Tallahassee, Florida 32399-1707  
Faks : 850-921-8138

**Depi w ta bezwen plis enfòmasyon sou medyasyon entèvansyon bonè a**, se pou w rele Children's Medical Services, Early Steps State Office ; nan nimewo telefòn : 850-245-4200.

**Fanmi yo di...**

*« Nan medyasyon an, tout moun t ap koute san yo pa vag sou sa m t ap di epi li pa t pran tan pou n te pran yon desizyon. »*

*« Mèsi pou opòtinite pou medyasyon an. Nou gen gwo satisfaksyon nan rezilta yo. »*

*« Medyatè a ofri n yon opòtinite pou n di sa n te vle di epi li pèmèt nou dekourvri laverite sou pwoblèm lan. »*

**Reprezantan pwogram entèvansyon bonè a di...**

*« Medyasyon an fè n wè ke tout pati yo ap fè gwo efò. E pou ede paran an, nou fè medyasyon an yon samdi. Mwen di se pou pwogram ak founisè entèvansyon bonè yo fè tout sa yo ka fè pou eseye rezoud diferans ki gen. »*

*« Toude pati yo te pran avantaj opòtinite pou rezoud pwoblèm nan yon metòd orijinal, e dapre sa mwen wè se ekspètiz medyatè a ki responsab anpil pou li. »*

**Medyatè yo di...**

*« Kwak nou pa jwenn yon solisyon total, te gen rezilta ki te pozitif. Paran an ak pwogram la fè pwogrè nan komunikasyon ant yo de e yo pi konprann pozisyon youn lòt. »*

*« Mwen wè pwosede a mache trè byen, menm si toude pati yo devwe nan pozisyon yo. Se pou w pèsevere epi se pou w kwè ke gen yon solisyon pou toude pati yo. »*

